Pou Piblikasyon Imedya: 17/12/2021 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN KONSTRIKSYON KÒ LAME AMERIKEN POU GWO PWOJÈ JESYON RISK INONDASYON NAN LONG ISLAND

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon pou yon gwo pwojè jesyon risk tanpèt kotyè ke Kò Enjenyè Lame Ameriken, Distri New York, te mennen epi finansman konplètman an patenarya avèk Eta New York. Pwojè Fire Island rive Montauk Point (FIMP) pral redui risk inondasyon pou abitan Long Island yo nan zòn vilnerab 134 kilomèt sou liy kotyè nan Konte Suffolk nan Fire Island Inlet rive Montauk Point Pwojè konnplè, 1.7 milyon dola sa a enkli yon seri karakteristik pou redui risk inondasyon kotyè.

"Pwojè sa a pral pwoteje kominote Konte Suffolk la yo kont tanpèt grav ak nivo lanmè ki wo, ki esansyèl pou pwoteje resous natirèl presye Long Island yo pou jenerasyon alavni yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen aplodi travay dirab, kolaboratif Eta, Federal ak patnè lokal yo pou atenn etap enpòtan sa a epi mwen pa ka tann pou nou travay ansanm pou pwoteje liy kotyè Long Island kont efè move tan ekstrèm ke chanjman klimatik te lakòz".

Kòmandan Distri New York la, Kolonèl Matthew Luzzatto, te deklare, "Jodi a se yon gran jou pou abitan Long Island yo ki t ap tann pandan anpil ane pou yon pwojè nan anplè sa a ki pral redui risk inondasyon sou pwopriyete ak kominote yo. Pwojè sa a reprezante yon lòt etap nan pwosesis pou ogmante rezistans kotyè atravè Zòn Responsabilite nou jan nou te fè sa nan plizyè kominote tankou Coney Island, Long Beach, Fire Island rive nan Montauk Inlet ak East Rockaway, kote travay la ankou. Enjenyè Kò Lame Ameriken an yo, pèsonèl Distri New York la ak gouvènman federal, eta ak patnè lokal nou yo angaje pou yo egzekite inisyativ travay sivil istorik sa a pandan n ap kontinye travay men nan men pou abòde pi gwo difikilte rejyon an".

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la se esponnsò pwojè FIMP lan ki pa federal, k ap travay avèk gouvènman federal, eta ak patnè lokal yo pou fè avanse planifikasyon nesesè, konsepsyon ak aplikasyon pwojè enpòtan sa a pou pwoteje kominote kotyè yo nan Long Island kont tanpèt ak nivo lanmè ki wo. Ekspè DEC yo te jere tout revizyon teknik ak anviwònmantal yo ak otorizasyon yo epi pral kounye a kontinye travay avèk USACE, Konte Suffolk ak vil East Hampton, Southampton, Brookhaven, Islip ak Babylon pou asire aplikasyon efikas pwojè istorik sa.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare, "Kòm patnè eta a nan inisyativ dirab, ki dire plizyè deseni sa a pou pwoteje kominote sou litoral Long Island yo, DEC Eta New York la ap travay deprè avèk Kò Enjenyè Lame Ameriken pou redui risk inondasyon pou abitan Long Island yo. Chak ane, klima k ap chanje nou an pote ogmantasyon nan inondasyon ak tanpèt grav yo. Pou pwoteje kominote nou yo ak resous natirèl nou yo, nou dwe travay ansanm pou ogmante rezistans, redui emisyon gaz a efè de sè ki chanje klima a, epi ogmante sous enèji renouvlab yo. Avèk patnè federal, eta ak lokal yo, nou pi byen prepare pou nou satisfè defi chanjman klimatik nou yo".

Premye pati nan pwojè dragaj FIMP lan enplike retire plis pase 1.5 milyon vèj kibik sab depi nan Fire Island Inlet epi plase li yon fason estratejik sou plaj avèk deriv asandant ak desandant yo pou redui ewozyon ak ranfòse rezistans kòt la. Anviwon 802,000 vèj kibik sab pral plase sou Gilgo Beach ak 716,000 sou Pak Eta Robert Moses tou. Kontra sa a gen ladan tou konstriksyon karakteristik pwosesis kotyè nan Pak Eta Robert Moses ki konsevwa pou amelyore abita zwazo plivyè siflè.

Travay la jwenn 100 pousan finansman federal nan kad Lwa Piblik 113-2, Pwojè Lwa Siplemantè Ijans lan te adopte nan yon ti tan apre Gwo Tanpèt Sandy. Pi gwo eleman pwojè a gen ladan:

- Elevasyon estrikti ak renovasyon bilding yo pou anviwon 4,400 estrikti nan zòn ki sijè ak inondasyon gwo frekans
- Yon Plan Repons nan ka Brèch ki gen kat fasèt pou zile baryè ki evalye aksyon potansyèl nan ka brèch akòz gwo tanpèt ak vag mare
- Plaj la ak ranplisaj din sou rivaj yo, avèk renovasyon anviwon chak kat ane pou jiska 30 ane apre pwojè a fini
- Kontounman antre (inlet) a nan kanal navigasyon federal yo
- Eliminasyon arèt/jete nan Ocean Beach nan Fire Island
- Konstriksyon plaj alimantasyon nan Montauk Beach. (Yon plaj alimantasyon se yon plaj ki elaji atifisyèlman ki nouri plaj derivant yo)
- Karakteristik pwosesis kotye a konsevwa pou repwodui pwosesis natirèl yo ak amelyore abita zwazo sou rivaj la

Istorikman, zile baryè Long Island yo ak kominote kontinantal sou rivaj sid yo nan Konte Suffolk te gen gwo tanpèt ki frape yo. An reyalite, Eta New York te afekte pa 84 siklòn twopikal oswa sou-twopikal depi 17yèm syèk la. Anplis Gwo Tanpèt Sandy an 2012 la ki te ewode apeprè 45 pousan sediman plaj, pi mal la te rive pandan 1930 yo - anvan yo te bay siklòn yo non.

Nan 21 septanm 1938, yon kategori 3 siklòn ke yo konnen kòm Long Island Express ki te frape sanzatann, sa ki lakòz lanmò plizyè douzèn moun nan lès Konte Suffolk, prensipalman nan Westhampton Beach. Tanpèt la te lakòz plizyè santèn lanmò pandan li t ap pase nan New England.

Pandan ane yo, Distri New York la te restore zòn andomaje yo nan liy kotyè Konte Suffolk yo. Tou dènyeman, ant 2014 pou 2019, pwojè nan Fire Island Inlet lan rive nan Antre Moriches (Fire Island-Moriches Inlet, FIMI) te bay yon apwòch akselere pou konstwi yon efò estabilizasyon ki endepandan de FIMP. Yon pwojè konstriksyon inisyal inik pou repare domaj ke Siklòn Sandy te lakòz, sèt milyon vèj kibik sab te plase nan litoral ak plizyè kilomèt din pwoteksyon te konstwi.

Distri New York la pral dirije efò konstriksyon yo an konsè avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York (New York State Department of Environmental Conservation, NYSDEC) la, esponnsò ki pa federal, an koperasyon avèk Konte Suffolk, Vil Babylon, Brookhaven, Southampton ak Easthampton. Kò Lame a pral travay deprè avèk Sèvis Pak Nasyonal (National Park Service, NPS), Litoral Nasyonal Fire Island (Fire Island National Seashore, FIIS) ak Sèvis Lapèch ak Bèt Sovaj nan Etazini (U.S. Fish and Wildlife Service, USFWS), chak se patnè enpòtan ki asire pwoteksyon espès andanje ak sansibilite anviwònmantal nan litoral oseyan atlantik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU